



## *Kursi*

Ora ana bedane karo kursi kang lumrah. Kursi iku uga digawe saka kayu jati, diplitur warna sawo mateng. Lungguhane empuk dibuntel bludru abang, semono uga lendheyane. Kiwa tengen lungguhan diwenehi watesan, kang njalari kepenak menawa dienggo numpangake tangan nalika lagi lungguhan.

“Dhuwit limang yuta tatas. Entek gusis mung karana kursi iku,” guneme wong lanang iku.

Ora sethithik dhuwit kudu diwetokake mung jalaran kepengin lungguh ing kursi iku, mung lungguh babar pisan ora ndarbeki. Ngono bae ora saben wong brewu wani lan kuwat nglungguhi kursi mau.

Nyawang kursi, wong lanang iku katon keduwung. Limang taun kepungkur, dheweke wis ngetokake dhuwit kang cacahé ora sethithik jalaran kepengin lungguh ing kursi iku. Wektu semana dheweke ngedum dhuwit marang pejabat tekan para warga desa, senajan ora saka jalaran entuk bandha

karun. Wektu semana dheweke nganakake pesta andrawina, senajan dhuwite saka nggone golek utangan.

“Kabeh gegambaran kang biyen ora ana nyatane. Beja aku, isih bisa nginggar-inger kana-kene saengga utangku bisa dilunasi,” grenenge.

Wong lanang iku nggetuni lelakone. Kursi iku pancen empuk mendut-mendut, lungguh ing ndhuwure tangan bisa ngranggeh kana ngranggeh kene, nyaut kana kene, nginggar-inger sakabehane sabisa-bisa dienggo ngepenakake dheweke.

“Nanging kewan iku ... kang cetha keparat!”

Meri yen aku bisa lungguh kepenak, meri yen aku bisa mangan enak, numpuk bandha kang bisa diulur tekan ususe anak putu.

“Apa kok kira anggonku lungguh ing kene iki tanpa paitan, keparat!” wong lanang iku ngadeg banjur ndhupak kursi kang wiwit mau disawang.

“Ngapa Pak, esuk-esuk kok wis grobyagan.”

“Ndhupak kursi keparat, edan taun, ora enak iwake, dhengkulmu mlocot, utekmu ambleg...,” wong lanang iku misuh-misuh nganti sing wadon teka ing papan iku.

“Lho, piye genahe kok kursine njomplang?”

“Kareben. Kursi keparat, ora urus...!”

“Hoooppp, stop! Kowe bisa kuwalat lho Pak, kowe kudune kelingan jalaran saka kursi iki kulawargane dhewe dadi mulya. Kajen keringan ing pepadha. Saka kursi iki uga nganti aku lan kowe bisa manggon ing papan iki, lan kowe banjur disebut Den Lurah,” kandhane sing wadon methentheng ngawasake sing lanang.

Limang taun kepungkur dheweke pancen banjur sinebut Den Lurah nalika kasil nglungguhi kursi iku. Bojo lan anake banjur manggon ing Dalem Kalurahan.

“Pak, kursi iki larang regane lho, aja banjur sawiyah-wiyah. Banjur apa salahe kursi iki?” Bu Lurah kang arep mangkat arisan ing kecamatan, malang kerik.

Den Lurah nyawang bojone kang nganggo kebayak jambon semono uga jarite, rambute kang cendhak kanyatan bisa ditempeli gelungan, lambene digincu abang jambon, mriplate dadi rada mblalak. Sesawangan endah kang ora nate ditemokake dening Den Lurah sasuwene iki, jalaran Bu Lurah seneng menganggo cara cah saiki, clana dawa lan klambi hem.

“Ngapa kok njur pringas-pringis?” pamuwuse Bu Lurah jalaran risi disawang dening sing lanang nganti kaya kucing nyawang gereh.

“Kowe ayu lho Bu.”

“Wis kawit biyen, kaya *wafer stick* ngono?!”

“Rak. Kaya walang kadung!” Den Lurah ngguyu nggamarake walang kadung, awake cilik nanging isi tur kenceng, sikile dawa alus yen mlaku thimik-thimik.

“Ora ngguya-ngguya Pak, aku iki rembugan temenanan. Ora guyon. Apa salahe kursi iki nganti kok dugang krengkangan ngene iki?” Bu Lurah isih malangkerik, yen wania ngono Den Lurah mesthi dipithes ajur.

“Kursine ora salah Bu, nanging kewan kang ana kursi iku kang saben-saben aku lungguh mesthi pating clekit nyokoti bokong. Kursi iku akeh tinggine Bu,” kandhane Den Lurah karo isih pringas-pringis kaya manuk parkit dikabruk babone kang angrem.

"Lha kudune harak kok goleki tinggi mau, banjur kok pithes."

Tinggi mau kewane mung cilik, yen nyokot ora bakal nganti ambilaheni, mung gatel ing kulit bae. Nanging rasa gatel iku kang njalari ora betah lungguh. Kamangka yen digoleki anggone padha ndhelik primpen banget.

"Tau aku mithes siji, nanging malah gawe wirangku nalika ing Kecamatan. Prasasat lurah sakecamatan padha ngerti yen kelurahane dhewe akeh tinggine," kandhane Den Lurah. "Priye penemumu yen kursi iki didol bae?"

"Ora bisa Pak, ora bisa! Tanpa kursi iki, apa kanthi awak bengkring ngono kuwi kowe kuwagang macul sawah lan tegalan? Kawitan manggon ing kene, kowe harak kuwagang ngalahake coro lan tikus, apa saiki malah arep kalah karo tinggi. Wis, aku arep mangkat, galo wis diampiri Bu Carik lan Bu Makmur," Bu Lurah banjur ngedegake kursi mau lan metu saka papan iku.

Ing ngarep bale kalurahan katon Bu Carik ngagem kebaya lan jarit ijo kaya Nyai Rara Kidul, dene Bu Makmur ngagem kebaya lan jarit coklat.

Den Lurah isih dhelog-dhelog ing ruwangan sakawit, dheweke nata pikir sawise krungu tembunge bojone kang pungkasan. Apa hiya kudu kalah karo tinggi salagine coro lan tikus kang manggon ing ruwangan iku sidane kabeh entek tatas tanpa tabet.

Sepisanan manggon ing kono, prasasat ruwangan iku dikebaki coro. Kewan crobo werna coklat meling-meling iku prasasat ngebaki setengah papan. Rak buku, lemari, meja, kursi, kabeh kebak coro.

Sadurunge ngrikiti buku lan sandhangan, Den Lurah saben bengi nyepaki panganan kang wis mambu ing jobin ruwangan. Saben esuk dheweke mung kari mithesi coro kang padha nglumpuk mangan panganan mambu iku.

Sailange coro ing papan kono katekan tikus. Kewan iki kanyatan luwih pinter tinimbang coro, dheweke luwih seneng mangan dluwang lan buku utawa sandhangan tinimbang mangan panganan mambu kang sengaja dipasang dening Den Lurah.

“Hem, yen ngono kudu nganggo panganan kang becik. Nanging kudu dipasang ing jeplakan,” pamikire.

Pirang-pirang tikus kanyatan kasil kajeplak sadurunge mangan panganane. Semona isih ana tikus kang luwih ngerti marang jeplakan kang dipasang Den Lurah.

“Hah, dibedhil!” Den Lurah mbengok sora, nalika kelingan jaman biyen bisa ngalahake tikus kanthi sanjata bedhil.

“Tinggi kang ana kursi iki kudu dibedhil!”

Rikat Den Lurah njupuk bedhil Benyamin Franklin ukuran papat setengah ing singgahane. Kang biyen nate mungkasi reretu tikus ing ruwangan iku.

Kursi diselehake ing pojok ruwangan lan Den Lurah wola-wali nembaki kursi mau nganti ajur bludrune, selagine kayune bae tatu arang kranjang.

Sawise lega bisa mbedhili kursi mau, Den Lurah banjur nyoba nglungguhi kursi kang madhul-madhul mau.

“Edan, keparat... uteke ambleg...!” Den Lurah misuh-misuh jalanan bareng karo anggone nyelehake bokonge, tinggi iku wis nyokot lan rasa gatele tansaya nemen.

"Hemmm, kurang ajar! Keparat, ongkak-angkik iblis laknat, hiiih!! Yen dudu getihku sing kok jaluk, mesthine aku duwe kawicaksanan," grenenge Den Lurah.

Pisan iki Den Lurah rumangsa kasoran tenan. Kewan cilik kang yen nyokot gawe gatel, yen dipithes ambune bisa gawe wiring iku panceñ angel dikrenah. Coro lan tikus padha seneng mangan dluwang, kuitansi, buku laporan, sandhangan lan liyane. Lha yen tinggi kok milih getihku? Apa iki ora jeneng nranyak marang Lurah?!

Den Lurah isih thenger-thenger nyawang kursi madhul-madhul nalika bojone teka saka anggone arisan.

"Tobat... tobat. Kok kapakake kursi iki Pak?!" mere-mere Bu Lurah nyedhaki sing lanang.

Den Lurah ora semaur, mung tangane ngacungi bedhil kang diselehan ing cedhak lawang. "Kok bedhili, lan saiki tinggine wis mati kabeh?"

"Ora. Malah saiki anggone nyakot tansaya nemen. Aku wis tobat temenan, priye yen kursi iki didol bae?!"

"Rak, aku ora setuju," kandhane Bu Lurah. "Beres Pak, aku wis duwe cara sing apik. Aku mau ing dalam mentas rembugan karo Bu Rini lan Bu Siwi."

"Garwane Pak Carik lan Garwane Pak Makmur?"

"He-eh, dheweke duwe resep apik. Sedhela," kandhane Bu Lurah terus mlebu Dalem Kalurahan lan nalika metu maneh wis ganti clana dawa lan kaos. Tangane nggawa jarum suntik lan botol ampul cilik isine kuning enam.

"Apa kuwi obat tinggi?!" pitakone Den Lurah.

"Iki obat anastesi, patirasa. Lehku njaluk ing Puskesmas, aku mau mampir mrana."

“Njaluk apa nyolong?!”

“Jaman saiki njaluk utawa nyolong, nyilih utawa ngrampok, iku wis ora ana bedane. Cilik-cilik, gedhe-gedhe, yen wong cilik mung maling pitik dene wong gedhe padha ngrampok bank. Wis, obat iki mengko yen dak suntikake marang awakmu, kowe ora bakal krasa senajan dicokot tinggi maewu-ewu cacahe. Ngono kandhane Bu Carik.”

Setengah dipeksa Den Lurah sidane disuntik dening sing wadon ing perangan bokonge.

“Wis saiki dicoba nggo lungguh ing kursi,” kandhane Bu Lurah karo nytinggahake tilas jarum suntik iku.

Kluyur-kluyur Den Lurah kang bokonge krasa nggedibel banjur marani kursine, dilungguhi sawetara.

“Hebat... ora krasa dicokot maneh! Apa pancen tinggine wis ora nyokoti maneh?” bengoke.

Kanggo mbuktekake yen tinggine wis ora nyokot maneh, Den Lurah niliki bokonge, kanyatan isih pating krabing tilas cokotan tinggi mau. Den Lurah jingklak-jingklak. Obat kang digawa bojone kanyatan bisa njalari ilang rasa gatele. Bu Lurah mung mesem nalika weruh sing lanang kaya bocah cilik.

“Yen ngono, turahan obat iku arep dak suntikake ing sakabehe awakku kareben aku ora krasa yen dicokot lemut lan kewan cilik liyane,” pakimire Den Lurah.

Tanpa dingerten dening bojone, obat iku banjur disuntikake ing rai, ing dhadha, ing tangan lan perangan awak liyane.

Wiwit wektu iku Den Lurah wis ora krasa maneh yen mung dicokot tinggi, dijiwit pipine bae dheweke wis ora bisa

ngrasakake. Den Lurah wis mati rasane. Senajan mangkono, tinggi ing kursi iku tetep nyakoti bokonge Den Lurah, malah tansaya nemen. Mula tansaya suwe getihe Den Lurah tansaya entek diisep dening kewan-kewan cilik iku nganti awake kuru aking.

“Pak, tinggi iku pancen ora mung nggawe gatel. Kiraku pancen wis ngarah patimu. Mula ora ana alane awake dhewe ndhisiki laku. Sadurunge getihmu entek disesep, tinggi iku kudu mati dhisik,” kandhane Bu Lurah wektu iku karo botol isi obat tinggi. “Nyoh, iki obat tinggi dienggo ngracun tinggi iku.”

Salungane bojone, Den Lurah nyemprotake obat tinggine ing kursine. Ditunggu sawetara, nanging kanyatan siji bae ora ana tinggi kang mati.

“Ah, julig tenan tinggi iki,” pangungune Den Lurah. “Dheweke pancen pinter anggone singidan. Hmm, pisan iki kowe mesthi mati kabeh,” pamikire Den Lurah saking judhege. “Kowe ming padha teka yen arep nyesep getihku, nha getihku arep tak wenehi racun. Kowe mengko mesthi mati yen nyesep getihku.”

Den Lurah terus njarag lungguh ing kursine. Tinggi iku wiwit nyesep getihe Den Lurah.

“Iki margane patimu, getihku arep tak wenehi racun iki,” kandhane Den Lurah karo nguyup obat tinggi kang wiwit mau ana ing tangane. Panemune Den Lurah, racun kang diuyup iku mengkone bisa mili ing getihe lan kanthi mangkono getihe dadi mawa racun.

“Paaakk!” bengoke Bu Lurah gawe kaget. Nganging Den Lurah wis kebacut nguyup racun tinggi iku sabotol akehe.

*Majalah Pagagan, 1994*